

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Samsu (2017, kc.41) Desain panalungtikan mangrupa gambaran tina rancangan totalitas pikeun ngajawab rumusan masalah dina panalungtikan ogé pikeun nganatisipasi ayana hal-hal anu karandapan salila prosés panalungtikan lumangsung. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén.

Creswell (dina Akbar, 2018, kc. 121) ngebréhkeun yén pamarekan kuantitatif mangrupa salasihiji jenis panalungtikan pendidikan numana panalungtik nangtukeun naon-naon waé hal anu rék ditalungtik, nyusun pertanyaan sacara spésifik, ngawatesan masalah, ngumpulkeun data ti partisipan, nganalisis angka-angka ngagunakeun *statistic*, jeung ngalakukeun panalungtikan anu objéktif.

Dina ieu panalungtikan métode kuasi ékspérimén dipaké pikeun nguji média pangajaran *Scrapbook* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks pangalaman pribadi. Ieu ékspérimén téh ngagunakeun desain panalungtikan *One group Pre-test-Posttest Design*. Léngkah-léngkahna nyaéta dipaparin *pre-test* saacan dibéré perlakuan atawa tindakan, sangkan hasilna leuwih akurat, ku sabab antukna bakal ngabandingkeun saacan jeung sabada dipaparin perlakuan atawa tindakan. (Sugiyono, 2013, kc 74). Anapon skema tina ieu métode panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Tabél 3 1

Desain Panalungtikan

O_1	X	O_2
-------	-----	-------

(Sugiyono, 2013. kc 75)

Keterangan:

O_1 : *Pre-test* kamampuh nulis téks pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun média *Scrapbok*

O₂ : *Post-test* kamampuh nulis téks pangalaman pribadi sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*


X : *Treatment* pangajaran nulis téks pangalaman pribadi ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* (diajar nulis téks pangalaman pribadi ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*)

3.2 Sumber Data

Ieu Panalungtikan dilaksanakeun di SMPN 1 Bandung nu aya di Jl. Kesatriaan No.12, Arjuna, Kec. Cicendo, Kota Bandung, Jawa Barat. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 anu jumlahna 34 siswa, 14 siswa lalaki jeung 20 siswa awéwé.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan nu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nyaéta desain *One group Pre-test-Posttest Design*. Prosedur panalungtikanna kagambar saperti ieu di handap.



Bagan 3 1

Prosedur Panalungtikan

Anapon tahap-tahapanna baris dipérélekeun di handap ieu.

Nisa Fitria Hidayah, 2022

MÉDIA PANGAJARAN SCRAPBOOK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Masalah anu karandapan

Saméméh panalungtikan lumangsung, panalungtik, maluruh heula masalah-masalah anu karandapan ku siswa dina nulis téks pangalaman pribadi di kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023, ogé ningali situasi jeung kondisi kaayaan pangajaran di sakola kana objék panalungtikan.

2) Idéntifikasi jeung rumusan masalah

Sabada maluruh ogé ngaidéntifikasi masalah ngaliwatan wawancara jeung guru basa Sunda kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023, anu satuluyna éta masalah téh dirumuskeun dumasar pasualan anu karandapan.

3) Nyusun raraga tiori

Sabada ngaindéntifikasi jeung ngarumuskeun masalah satuluyna nyusun tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan ngeunaan média pangajaran *Scrapbook* pikeun ngaronjatkeun nulis téks pangalaman pribadi.

4) Ngarumuskeun Hipotésis

Saméméh panalungtikan lumangsung, panalungtik ngarumuskeun heula hipotésis pikeun dadasar ogé jawaban awal tina panalungtikan satuluyna dibuktikeun bebeneranna.

5) Ngarumuskeun instrument

Panalungtika nyieun instrumén panalungtikan mangrupa observasi, angkét jeung tés dina wangun *pré-tést* jeung *post-test*.

6) *Pre-test*

Panalungtik ngukur kamampuh siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* dina nulis téks pangalaman pribadi.

7) *Treatment* jeung ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*

Sanggeus mikanyaho kamampuh awal siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 dina nulis téks pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun média, anu satuluyna dibéré perlakuan ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*.

8) *Pos-test*

Sabada dibéré *treatment* tuluy panalungtikan ngukur deui kamampuh siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 dina nulis téks pangalaman pribadi sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*.

9) Analisis data

Anu satuluyna panalungtik baris ngolah data sabada dilakukeun *pre-test* jeung *post-test*.

10) Nyieun kacindekan

Panalungtikan nyieun kacicdenkan anu satuluyna disusun kana wangun skripsi.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dilakukeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta téhnik tés jeung angkét. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh *pre-test* jeung sabada *post-test* ngagunakeun media pangajaran *Scrapbook*. Sedengkeun téhnik angkét digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan réspon siswa kana larapna média pangajaran *Scrapbook* dina pangajaran nulis téks pangalaman pribadi.

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta baris diébréhkeun saperti ieu di handap.

- 1) Guru nerangkeun matéri ngeunaan nulis téks pangalaman pribadi
- 2) Guru méré stimulus ka siswa ku cara méré conto ngeunaan téks pangalaman pribadi.
- 3) Siswa maca conto téks pangalaman pribadi.
- 4) Siswa nyieun téks pangalaman pribadi kalawan téma bebas.
- 5) Guru méré pituduh ngeunaan nulis téks pangalaman pribadi ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*.
- 6) Siswa ngalenyepan gambar anu dipilih.
- 7) Siswa nulis téks pangalaman pribadi ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kalawan téma bebas.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Yusup (2018, kc. 17) ngébréhkeun yén instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat anu dipaké pikeun ngumpulkeun data atawa ngukur objék tina hiji panalungtikan. Instrumén panalungtikan kabagi jadi, *interview* (wawancara), *question* (angkét) jeung tés (Kuswari, 2010, kc. 20). Dina ieu panalungtikan, istumén anu bakal dipaké téh nyaéta angkét jeung tés dina wangun tinulis.

Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 142) ngébréhkeun yén angkét mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara méré patalékan atawa patalékan tinulis ka respondén pikeun maluruh jawabanna. Sedengkeun nurutkeun Johson jeung Nelson (dina Winarno, 2013, kc 97) nétélakeun yén tés mangrupa hiji wangun patalékan atawa cara ngukur anu digunakeun pikeun ngajén pangaweruh jeung kamampuh usaha fisik.

Dina ieu panalungtikan instrumén panalungtikan ku cara méré angkét dipaké pikeun maluruh réspon siswa kana larapna média pangajaran *Scrapbook* dina nulis téks pangalaman pribadi, anapon respondénna nyaéta Siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Tujuanna tina jawaban anu dikumpulkeun bisa jadi tinimbangan pikeun média pangajaran *Scrapbook* kahareupna tur jadi bahan panglengkep dina ieu panalungtikan. Anapon kisi-kisi jeung rumusan patalékan dina angkét téh saperti ieu di handap.

Tabél 3.2

Kisi-Kisi Angkét Réspon Siswa kana Média pangajaran *Scrapbook*

Variabel	Indikator	No. Butir	Jumlah
<i>Kinerja</i>	1. <i>Tingkat Kesulitan</i> 2. Média pangajaran <i>Scrapbook</i> mangaruhan sumangét diajar	1,2	2
Kasugemaan	Kasugemaan siswa	1	1
Kasaluyuan	Kasaluyuan jeung kabutuan	1	1
Mangpaat	Mangaat Media <i>Scrapbook</i>	1	1
Jumlah			5

Tés dina ieu panalungtikan téh digunakeun pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina nulis téks pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*, jeung ngetés kamampuh siswa dina nulis téks pangalaman pribadi sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*. Tés anu dipaké téh mangrupa tés tulis dina wangun paréntah nyieun téks narasi pangalaman pribadi kalayan téma bébas. Ieu di handap mangrupa tés nu digunakeun dina panalungtikan pikeun ngukur kamampuh saméméh jeung kamampuh sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*.

Tabél 3.3

Tés Tulis *Pre-test* jeung *Post-test*

Soal Nulis Téks Narasi Pangalaman Pribadi	
Sakola	: SMPN 1 BANDUNG
Mata Pelajaran	: Basa Sunda
Kelas	: VII-6
<p>Pék ku hidep jieun téks pangalaman pribadi kalawan téma bébas, dumasar kana pangalaman anu kungsi kaalaman ku hidep, boh pangalaman pikaseurieun, pikasediheun, pangalaman anéh, jeung sajabana. Kadé perhatikeun eusi, éjahan, kosa kecap, jeung diksi, ogé struktur panulisanna kudu merenah!.</p>	
<p>Jawaban</p> <p>No. Absen:</p>	

3.6 Téhnik Analisis Data

Téhnik analisis data nyaéta kagiatan nganalisis data tina hasil panalungtikan. Tujuanna pikeun mikanyaho hasil tina kamampuh saméméh jeung

Nisa Fitria Hidayah, 2022

MÉDIA PANGAJARAN SCRAPBOOK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kamampuh sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* sarta pikeun ngajawab masalah-masalah anu karandapan nalika panalungtikan.

Data nu geus kapaluruh tuluy diolah, saacan diolah data dianalisis ngagunakeun rumus-rumus statistik. Anapon léngkah-léngkahna nyaéta: (1) mariksa hasil *pre-test* jeung *posttest*; (2) méré peunteun; (3) ngasupkeun peunteun; (4) nganalisis data; (5) ngolah data; jeung (6) nyieun kacindekan

3.6.1 Léngkah Analisis Data

Kagiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara anu dipaké pikeun maluruh jawaban tina pasualan anu ditalungtik. Ngolah data pikeun mikanyaho hasil tina *pre-test* jeung *post-test*.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh saméméh jeung data hasil kamampuh sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* . di antarana:

- 1) Mariksa hasil *pre-test* jeung *post-test* téks pangalaman pribadi siswa ku cara nandaan kekecapan jeung ejaman anu kurang merenah, eusi karangan anu perlu dimekarkeun, organisasi karangan sarta basa anu dipaké.
- 2) Méré peunteun kana hasil *pre-test* jeung *post-test* téks pangalaman pribadi siswa. Cara menteun hasil karangan pangalaman pribadi siswa saperti ieu di handap.

Tabél 3.4

Pedoman Meunteun Nulis Téks Pangalaman Pribadi

No	Aspék	Skor	Bobot	Kritéria
A.	Eusi	27 – 30	4	Hadé pisan: sampurna, maham eusi saluyu/relevan jeung masalah atawa judul anu dipedar.
		22 – 26	3	Cukup-Hadé: maham eusi saluyu/relevan jeung masalah atawa judul anu dipedar, tapi kurang lengkep.
		17 – 21	2	Sedeng-Cukup: pamahamanna kurang, kurang bisa mekarkeun kecap konci atawa substansina pasualan anu dipedarna heureut.

Nisa Fitria Hidayah, 2022

MÉDIA PANGAJARAN SCRAPBOOK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Aspék	Skor	Bobot	Kritéria
		13 – 16	1	Kurang Hadé: teu maham, teu bisa mekarkeun substansi atawa kecap konci.
B.	Organisasi	18 – 20	4	Hadé pisan: sampurna, ékspresi katingali, gagasan anu ditepikeun jelas, ngaruntut, urutanna logis jeung kohésif.
		14 – 17	3	Cukup-Hadé: ékspresi kurang, kurang kaorganisir, tapi ide bisa katingali, kawatesanan bahan pangrojong, runtuyanna logis tapi teu lengkep.
		10 – 13	2	Sedeng-Cukup: ékspresi teu katingali, gagasan teu jéntré, kapotong-potong, runtuyan sarta mekarkeuna teu logis.
		7 – 9	1	Kurang Hadé: henteu komunikatif, teu <i>terorganisir</i> , jeung teu cukup pikeun diajén.
C.	Kosa Kecap	18 – 20	4	Hadé pisan: sampurna, jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecap nu merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap.
		14 – 17	3	Cukup-Hadé: kurang jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi teu ngaganggu.
		10 – 13	2	Sedeng-Cukup: sedeng, kurang éféktif, kawatesan dina milih kekecapan sarta make kosa kecapna mindeng salah nepi ka ngabalukarkeun salah ma'na.
		7 – 9	1	Kurang Hadé: teu éféktif, asal-asalan dina milih kekecapanna, kurang pangaweruh ngeunaan kosa kecap atawa kurangna kabeungharan kecap, teu cukup pikeun diajén.
D.	Adegan Basa	22 – 25	4	Hadé pisan: sampurna, ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahanna dina make jeung nyusun kalimah sarta kekecapanna.
		18 – 21	3	Cukup-Hadé: konstruksi basajan tapi

No	Aspék	Skor	Bobot	Kritéria
				éfektif, saeutik kasalahanana tata basa, jeung teu ngaleungitkeun ma'na
		11 – 17	2	Sedeng-Cukup: hésé dina maké jeung nyusun kalimah basajan, kasalahan tata basa, ma'nana teu puguh (ngabingungkeun).
		7 – 9	1	Kurang Hadé: teu ngawasa kana aturan sintaksis, loba kasalahan tata basa, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén
E.	Mékanik (Éjahan jeung diksi)	5	4	Hadé pisan: Sampurna, ngawasa aturan panulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan, jeung tulisan kabaca tur rapih.
		4	3	Cukup-Hadé: kurang ngawasa aturan panulisan, kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na, tulisan kabaca rada rapih
		3	2	Sedeng-Cukup: kurang ngawasa aturan panulisan, remen kajadian salah éjahan, jeung ma'nana teu puguh, jeung tulisan rada kabaca tapi teu rapih.
		2	1	Kurang Hadé: henteu ngawasa kana aturan panulisan, loba kasalahan éjahan, jeung tulisanna hésé dibaca, jeung teu rapih teu cukup pikeun diajén

Harfield jeung Nurgiyantoro (dina Kuswari, 2010, kalayan diropéa deui)

Méré peunteun kamampuh nulis pangalaman pribadi, kalawan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum skor\ siswa}{\sum skor\ maksimal} \times 100$$

Keterangan :

P : peunteun

$\sum skor\ siswa$: jumlah peunteun siswa

$\sum skor\ maksimal$: jumlah peunteun maksimal

Nisa Fitria Hidayah, 2022

MÉDIA PANGAJARAN SCRAPBOOK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Ngasupkeun peunteun *pre-test* jeung *post-test* nulis téks pangalaman pribadi siswa.

Tabél 3.5

Pre-test Jeung Posttest Kamampuh Nulis Téks Pangalaman Pribadi

No	No Absén Siswa	Aspék nu dipeunteun					P	P2	Katégori
		A	B	C	D	E			
	Jumlah								
	Rata-Rata								

Keterangan

A : Eusi Carita

B : Organisasi Karangan

C : Kandaga Kecap

D : Basa

E : Mékanik (Éjahan jeung diksi)

P : Peunteun/Skor siswa

P2 : Peunteun maksimal/skor maksimal

Katégori: Peunteun ≥ 75 , siswa dianggap mampuh nulis téks pangalaman pribadi.

Peunteun ≤ 75 , siswa dianggap can mampuh nulis téks pangalaman pribadi.

3.6.2 Uji Sipat Data

Uji sipat data dilaksanakeun pikeun maluruh data anu geus dikumpulkeun. Dina ieu panalungtikan uji sipat data anu bakal dilakukeun nyaéta uji normalitas jeung uji hipotésis. Uji normalitas pikeun maluruh naha data anu geus dikumpulkeun normal atawa henteu. Sedengkeun uji hipotésis dilaksanakeun pikeun maluruh jawaban kana kaputusan nu bakal dicokot dina ieu hasil panalungtikan. Data panalungtikan baris diolah ngagunakeun aplikasi SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) PASW versi 25.

Nisa Fitria Hidayah, 2022

MÉDIA PANGAJARAN SCRAPBOOK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS PANGALAMAN PRIBADI (*Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas digunakeun pikeun mikanyaho naha data nu rék diolah téh mangrupa data nu miboga distribusi normal atawa henteu (Syafri, 2019, kc. 177). Kitu ogé nurutkeun Doddy spk. (2018, kc. 82) data nu miboga distribusi normal bisa ngaheureutkeun kamungkinan ayana bias data. Ieu uji normalitas diperlukeun ku sabab sakabéh perhitungan statistik paramétrik miboga asumsi normalitas sebaran.

Dina ieu panalungtikan cara anu bisa digunakeun pikeun ngitung ieu masalah téh nyaéta *Kolmogorov Smirnov Test* ngaliwatan *SPSS versi 25*. Pikeun nguji hipotésis normalitas data dina ieu panalungtikan katitén saperti ieu di handap.

H_1 = data miboga distribusi henteu normal

H_0 = data miboga distribusi normal

Kriteria ngujina nyaéta ku taraf signifikansi 95% ($\alpha = 0,05$). Saupama nilai *Asymp Sig.* hiji variable leuwih gedé tina nilai signifikan ($\text{sig} \geq 0,05$) mangka éta variabel kaasup distribusi normal hartina H_0 ditarima. Sedengkeun saupama nilai *Asymp. Sig.* hiji variabel leuwih leutik tina nilai signifikan ($\text{sig} \leq 0,05$) mangka éta variabel teu kaasup kana distribusi normal hartina H_1 ditolak.

3.6.3 Uji Hipotesis

Uji hipotésis mangrupa salasihiji cabang paélmaan Statistika Inférensial anu digunakeun pikeun nguji bebeneran tina hiji pernyataan sacara statistic sarta nyindekkeun naha ditarima atawa henteuna hiji anggapan atawa masalah (Gangga Anuraga spk., 2021, kc. 328).

Kitu ogé nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 64) ngebréhkeun yén hipotésis mangrupa jawaban anu sipatna *sementara* atawa saheulaanan ngeunaan pasualan-pasualan anu aya dina panalungtikan. Anu satuluyna dibuktikeun kalawan didasaran ku fakta-fakta anu émpiris jeung *relevan*.

Uji hipotésis dilakukeun téh ngagunakeun statistik paramétrik, saupama data miboga distribusi anu normal. Kitu deui ngagunakeun statistik non-paramétrik saupama data anu kapaluruh henteu nomal. Dina ieu panalungtikan uji hipotésis dilakukeun ngagunakeun *SPSS versi 25*, ngaliwatan t-test program *SPSS versi 25*. Acuan anu dijadikeu dadasar t-test nyaéta nilik kana nilai signifikansi (Sig).

Léngkah anu munggaran dina nguji ieu hipotesis ngaliwatan t-test program *SPSS versi 25* ku cara nangtukeun hipotésis saperti ieu di handap.

Hipotésis nol (H_0) = Henteu aya bédana antara kamampuh nulis téks pangalaman pribadi Siswa kelas VII-6 SMPN 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 ngagunakeun média pangajaran *scrapbook*.

Hipotésis Alternatif (H_a) = Ayana beda anu signifikan antara kamampuh nulis téks pangalaman pribadi Siswa kelas VII-6 SMPN 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada ngagunakeun média pangajaran *scrapbook*.

Dumasar kana hipotésis di luhur, anapon kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_1 ditarima atawa H_0 ditolak, saupama nilai signifikan (sig.) $\leq 0,05$.

H_0 ditarima atawa H_1 ditolak, saupama nilai signifikan (sig.) ≥ 0.05